Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 23 (9932) 16 июнь 2023 с. / Рузман, 28 Зуль-къагIида/ 1444 с. / багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Поздравления

### Уважаемые работники и ветераны здравоохранения района!




Примите самые теплые и сердечные поздравления с профессиональным праздником-Днем медицинского работника!

Вы связали свою жизнь с нелёгкой, ответственной, но самой благородной и востребованной в обществе профессией - дарить людям жизнь и здоровье. Без выходных и праздничных дней, вы помогаете появиться на свет новорожденным, стоите за операционным столом, спасаете тяжелобольных, оказываете людям неотложную и необходимую помощь. От вашего повседневного и самоотверженного труда, глубоких знаний и ответственности зависит здоровье каждого человека и нации в целом.

В ваших руках самое дорогое, что есть на свете – здоровье и жизнь человека, а отзывчивых сердцах - сострадание к чужой боли.

Желаем вам, вашим родным и близким здоровья, благополучия, душевного покоя и уверенности в будущем! Пусть незаменимой наградой за вашу работу будет признательность тех, кому вы подарили радость жизни.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель районного Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

Сердечно поздравляю вас с профессиональным праздником - Днём медицинского работника! Вы посвятили свою жизнь благородному делу - дарить людям жизнь, беречь их здоровье. Ваш совершенно уникальный, ответственный и такой нужный нашему обществу труд требует не только профессионализма, но и душевной теплоты, умения сострадать и сопереживать.

Пусть никогда не покидает вас стремление служить людям, пусть ваши сердца будут всегда наполнены любовью и состраданием.

Желаю вам доброго здоровья, успехов в достижении поставленных целей, душевного равновесия и гармонии. Мира, добра, и благополучия вам и вашим близким.

***Депутат НС РД М.Д.Умаханов***

## ХIинкъигьечIолъи чIезабиялъул Советалъул данделъиялда

Дагьал церегIан къояз нилъер районалда тIобитIана республикаялъул хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул Советалъул данделъи. Гьелъул секретарь МухIамад БагIачиловасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана нилъер районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, Гумбет, Хъумторхъала, Шамиль, Гъизилюрт районазул, гьебго шагьаралъул рагъулал комиссарал, бакIазда жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул жавабиял хIалтIухъаби ва цогидалги.



Гьелъул халгьабиялде росарал аслиял суалаллъун рукIана, къотIи-къай гьабиялдалъун, рагъулаб хъулухъалде гIолилал рачиналда, гьеб хъулухъалде ахIиялъул ихдалилаб кампания тIубазабиялда хурхарал суалал.

Гьеб данделъиялда М. БагIачиловас абуна: *«Дида бихьана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда нилъер рагъухъабаз бихьизабулеб бахIарчилъи, амма нилъеца гьезул рахъ кколеб букIинги бихьизабизе ккола, щайгурелъул, гьелъ гьезие рагъизе жеги къуват кьезе букIун. ГIадамазда бичIчIинабизе ккола гьенир гIахьаллъулезе кинал бигьалъаби чIезарун ругелалиги»*,-ян.

*«Нижеца районалъул гIадамазда гьоркьоб бичIчIенкьеялъул хIалтIаби гьарулел руго, гьезулъе рагъулаб хъулухъалда рукIарал ва рагъул хIалбихьи бугел цIалел руго»*,-ян абуна ХI.Мусаевас.

Данделъи ахиралде щвана бичIчIенкьеялъул хIалтIи жеги гучлъизабизе, рагъда гIахьаллъулезулгун гьезул хъизабазе ругел бигьалъаби гIадамазда жеги гъваридго лъазаризе къотIи гьабиялдалъун.

## Шапакъатаздалъун кIодо гьаруна

Дагьал церегIан къояз Дагъистаналъул хIукуматалъул председатель, нилъер ракьцояв ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, республикаялъул росдал магIишат цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ, *«РДялъул росдал магIишаталъул мустахIикъав хIалтIухъан»* цIаралдалъун кIодо гьавуна.



Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас ва тIолабго жамгIияталъ ракIракIалъ баркула ГI.ГIабдулмуслимовасда гьеб тIадегIанаб цIар, гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ даимаб битIккей.

Дагьал церегIан къояз МахIачхъала шагьаралда, республикаялъул бетIерасул ва хIукуматалъул председателасул аппараталъе нухмалъулев Алексей ХIасановасул нухмалъиялда, республикаялъул муниципалиял гIуцIабазул Советалъул гIатIидаб данделъи тIобитIана.



Гьенир гIахьаллъана нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевгун киналниги росабазул бутIрулги. Гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росун рукIана нилъер шагьараздаса ва районаздаса Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе ахIаразе ва гьезул хъизабазе гьабулеб кумекалда, гIолилазда гьоркьоб хьвадизабулеб политикаялда, муниципалиял гIуцIабазул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялда хурхарал суалал.

Гьенир лъагIалил хIалтIул хIасилалги гьаруна. ХIажимурад Мусаев, республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул рахъалдасан, гьенив гъажалда балеб сагIаталдалъун, кIодо гьавуна.

Гьединго, Баркалаялъул кагъаталдалъун, гьений кIодо гьаюна районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатоваги.

*«Гьединал данделъабаз, цогидал шагьаразулгун районазул вакилзабигун хIалтIул хIалбихьиялъул бицине, гьеб цоцахъе кьезе, ишал дандразе рес кьола»*,- ян абуна ХI. Мусаевас.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Васасул орден инсухъе кьуна

8 июналда районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас къабул гьавуна Калинин-аулалдаса бахIарчи, ВатIаналъул тIалаб тIобитIулаго, гIумруялдаса ватIалъарав Загьир ГIамиевасул эмен Изамудин ГIамиев. Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва ракIбацIцIадаб хъулухъалъухъ Загьир мустахIикълъана *«БахIарчилъиялъул»* орденалъе. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана ХI.Мусаевасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Б.Нуцалов, нилъер ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадов ва Калининаул росдал бетIер ХIажи ХIажиев.



*- Рагъулъ жиндир налъи тIадегIанаб даражаялда тIубазабиялъе гIоло, Россиялъул Президент В.В.Путинил Указалдалъун, нилъер ракьцояв Загьир ГIамиев кIодо гьавуна «БахIарчиялъиялъул» орденалдалъун. Гьаб къваридаб ахIвал–хIалалда гьеб кьезе ккей, узухъда, лъиениги бокьилароан, амма нилъеда бичIчIине ккола гьев нилъер рахIат, ВатIан ва гIелалъе лъикIаб букIинеселъе гIоло бахIарчиго хвараблъи. Гьев кидаго хутIила нилъер ракIазулъ. БахIарзазул хъизаби киданиги рехон тезе гьечIо, гьезие кIвараб кумек гьабизеги буго,* - ян абуна ХI.Мусаевас, инсухъе васасул орден кьолаго.

***Динара Батиева***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Байрамалда хурхарал тадбирал
гъум. 3 Рехсезе мустахIикъал
гъум. 4 Извещение

# ЦIияв имамгун дандчIвана



8 июналда ХIажимурад Мусаев дандчIвана районалъул имамзабазул Советалъул цIивищарав председатель МухIамадрасул МухIамадгъазиевгун. Гьенив гIахьаллъана гьеб Советалъул цеве вукIарав председатель ПамиргIали Абубакаровги.

ХI. Мусаевас, районалъул администрациялъул ва депутатазул Собраниялъул рахъалдасан, цадахъабгун пайдаяб хIалтIухъ, дин цебетIезабиялъулъ ва Аварагасул (с. гI. с.) асаразда гьабураб лъикIаб дандчIваялъулъ лъураб бутIаялъухъ ПамиргIали Абубакаровасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

Гьенир ХI.Мусаевасги М. МухIамадгъазиевасги цадахъаб хIалтIул аслиял суалалги дандрана.

*12 июнь - Россиялъул Къо!*

# Байрамалда хурхарал тадбирал

12 июналда т1олабго улкаялда Россиялъул Къо кIодо гьабуна. Гьелда хурхун, гIемерал батIи-батIиял тадбирал тIоритIана районалъул культураялъул, лъайгун тарбия кьеялъул ва цогидалги гIуцIабазда.

Гьезул цояблъун букIана культураялъул Централда 14 сон т1убарал гIолилазе паспортал кьеялъул тадбир. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, гIолилазул Парламенталъул председатель Марьям–Асият ХIамзатова, *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь Мурад Ибрагьимов, ОМВДялъул миграциялъулаб пунктальул начальник ПатIимат Жамиева ва цогидалги жавабиял хъулухъчагIи.

ГIолилазул гIумруялъул аслиял лъугьа-бахъиназул цояблъун кколеб гьеб тадбиралда ХI.Мусаевас абуна:



*- Гьанже нужер гIумрудул аслияб документ паспорт ккола. Гьелъ бихьизабула нуж нилъер бищунго гучаб ва кIудияб ВатIаналъул мустахIикъал граждана рукIин. Гьелдаса нуж чIухIизеги ккола. Бокьа нужерго ВатIан, рукIа нуж кидаго цере лъурал масъалаби тIуралелъун,-ан.*

Хадуб ХI.Мусаевас ва П.Жамиеваль 10 гIолилаce паспортал кьуна.

М. Ибрагьимовас, баркиялъул рагIабаздаса хадуб, улкаялъул цIиял гражданазе гьеб документалъул тарихалъул, гьелъул кIваралъул бицана, гьединго, паспорталъ кьолел ихтияразда цадахъ, улкаялда цебе гьезул жавабчилъи цIикIкIараб букIинги бичIчIизабуна.

Тадбиралъул ахиралда гIолилаз улкаялъе ритIухъаллъун рукIине, гьелъие ракIбацIцIадаб хъулухъ гьабизе гьа бана. Гьеб тадбир ракIалдаса унареблъун букIиналъе



цадахъаб суратги бахъана.

Байрамалда хурхараблъун букIана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ, *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъ гIуцIараб автопробегги. Гьенир гIахьаллъаразда пачалихъияб байрам баркана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовас.

*- Баркула киназдаго Россиялъул Къо. Гьеб ккола нильер цольи бихьизабулел байрамазул цояблъун. РачIа цоги нухалда нилъер гуч, ВатIаналде рокьи ва цольи бихьизабизе кIолеб къуват гьечIольи бихьизабизе. Баркала гьаб ахIиялъе жаваб гьабурал киналго гIахьалчагIазе, -* ян абуна гьес.

Дилим росдал аслияб байданалдаса «Архъабаш» ГИБДДялъул посталъухье щвезегIан, халатбахъараб автопробегалъулъ гIахьаллъана районалъул администрациялъул, депутатазул корпусалъул, ОМВДялъул, *«Цогояб Россия»*партиялъул бакIалъулаб отделениялъул, М.Пазаевасул спортшколалъул хIалтIухъаби ва жамгIиял хIаракатчагIи.

Машинабазул кьер берцин гьабун букIана Россиялъул ва Дагъистаналъул лъабкьерал байрахъазгун гIаламатаз.

***Динара Батиева***

# Чуял рекеризе риччаялъулгун спорталъул байрам

10 июналда *«Архъабаш»* ГИБДДялъул посталъухъ, нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул хIаракаталдалъун, Россиялъул къоялда ва Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул бахIарзал кIодо гьариялда хурхун чуял рекеризе риччаялъулгун спорталъул байрам т1обит1ана.

Гьеб тадбиралда аслиял гьалбаллъун рукIана СВОялда гIахьаллъулел ва гьабсагIаталда х1ухьбахъиялда ругел рагъухъаби.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министрасул тIоцевесев заместитель Гьарун Давыдов, Дагъистаналъул бетIерасул курсалъул рахъккеялъул ДРООялъул председатель, республикаялъул жамгIияб палатаялъул член Юкрудин Салимханов, организация-




базегун учреждениябазе нухмалъулел, депутатал, росабазул бутIрул, жамгIиялгун гIолилазул гIуцIабазул хIаракатчагIи ва цогидалги гIадамал.

Рохалилаб митингги рагьун, ХI. Мусаевас абуна: *«Россия кIудияб пачалихъ ккола. Гьениб гIумру гьабулеб буго батIи-батIиял миллатазул ва диналъул гIадамаз. Гьединлъидал Россиялъул халкъалъ байбихьана Донбассалъул ва Луганскалъул гIадамазда тIад гьабулеб зулмуялде данде рагъ гьабизе. Гьелъул байбихьудасанго нильер районалдаса рагъухъабаз бахIарчилъиялда тIуразарулел руго ВатIаналъ цере лъурал масъалаби. Гьелъие нугIлъи гьабула нилъер рагъда ругел гIолохъабазе ва гьенир гIумруялдаса ратIалъаразе щварал ВатIаналъул шапакъатаз. Нилъеда киданиги кIочене гьечIо гьезул бахIарчилъи. Гьарула киназего рекъел ва кинабго лъикIабщинаб»,-ан.*

Дагъистаналъе нухмалъулезул рахъалдасан, Гьарун Давыдовас гьарана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе бергьенлъигун тIадруссин ва гьезул мурадал тIурай гьарана. Гьединго баркиялъул кIалъай гьениб



Ю. Салимхановасги гьабуна. Гьеб тадбиралда бищунго гIадамазул ракIазе асар гьабураблъун букIана СВОялда гIахьалъулел ва жакъа хIухьбахъиялда ругел рагъухъаби цере рахъинари. Гьезда дандчIвай халатбахъараб хъатчIваялдалъун гьабуна. Гьезие хасал нусалги сайгъат гьаруна.

Гьединго гьенир спорталъул (рекери, гамачI рехи, чIаралъуса кIанцIи) къецалги тIоритIана.

**3000 метралъ рекериялда** бергьенлъи босана ХIасан Пайзулаевас (СВОялъул гIахьалчи, ИчкIа), кIиабилеб бакIалде Идирис Гъайирбеков (Ленинаул) вачIана ва лъабабилеб бакIалъе ХIосен Пайзулаев (СВОялъул гIахьалчи, ИчкIа) мустахIикълъана.

**ЧIаралъуса кIанцIиялъулъ** тIоцебесеб бакI Башир Эмеевас (Буртунай) босана, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе Анвар ХIажиев ва Халит Темирбулатов (Дилим) мустахIикълъана.

**ГамачI рехиялда** тIоцевесевлъун Халит Темирбулатов, кIиабилевлъун Тимур Билалов ва лъабабилевлъун Муслим ХIажиев (Дилим) рукIана.

**Чуял рекеризариялда гьадинал хIасилал ккана.**

КIиго соналъулал чуял рекеризе риччаялда (1200 м.) тIоцебесеб бакIалде Жаватхан Имангъазалиевасул (Пахьвахъ) чу бачIана, кIиабилебгун лъабабилеб бакIазде Зубаир Вахаевасул ва ХIамзат Загьаловасул (ЧР) чуял рачIана.

Лъабго сон бугел чуязда гьоркьоб (2400 м.) ГIабдулбасир МухIудиновасул (Дилим) чу бергьана, кIиабилеб бакIалъе *«Зебра»* КСКялъул (МахIачхъала) чу мустахIикълъана, лъабабилеб бакIалде *«Салатавия»* ЖКялъул (Дилим) чу бачIана.

5000 метралъ рекерарал чуязда гьоркьоб Бекхам ГIисаевасул (ЧР) чуялъ бергьенлъи босана. КIиабилеб бакIалде Абубакар Камаловасул (Гъизилюрт) чу бачIана ва лъабабилеб бакIал Ибрагьим Элимхановасул (ЧР) чуялъ босана.

Спорталъул ветеран МухIамад Гlумахановасул хIурматалда 3600 метралъ рекеризе риччарал чуязда гьоркьоб АхIмад Къурбановасул (Хасавюрт район) чу бергьана, кIиабилеб бакI *«Салатавия»* ЖКялъул (Дилим) чуялъ босана, лъабабилеб бакIалде ГIали ГIалиевасул (Гlахьвахъ) чу бачIана.

Призалъул бакIал росарал спортсменазе ва чуязул бетIергьабазе, районалъул администрациялъул рахъалдасан, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал кьуна.

Байрамалъул гIахьалчагIазда цере, гIатIидаб концерталъулаб программагун, районалъул культураялъул хIалтIухъаби рахъана.

***Ибрагьим Булатханов***

*18 июнь- медициналъул хIалтIухъанасул Къо!*

# Рехсезе мустахIикъал

Нилъер лъида лъалареб ахирияб заманалда улкаялда медициналде, гьелъул хIалтIухъабазде бугеб бербалагьи? Кин батаниги, гIадамазе хъулухъ гьабиялъул цогидал бакIаздаго гIадин, медициналъул хIалтIухъабазда гьоркьорги руго бажари бугел, ракIбацIцIадал, тIаде босараб иш, ригIа-ракьанде щун, тIубазабулел хIалтIухъаби. Узухъда, гьезда гьоркьор нилъер районалъул медициналъул хIалтIухъабиги руго.

Аби буго медициналъул хIалтIухъанасул берцинаб, лъикIаб, гIадамасул ракIбатулеб каламалъги сахлъи букIинабиялъул цояб рахъ кколин. Гьеб битIараблъун букIин бихьичIелги нилъеда гьоркьор гIемер ратилин абизе ракI разилъуларо.

Июнь моцIалъул лъабабилеб гьатIанкъо нилъер улкаялда медициналъул хIалтIухъанасул Къолъун лъазабун буго.Гьаб соналъ гьеб 18 июнь ккола. Гьебги хIисабалде босун, дир къотIи ккана, районалъул централияб больницаялъе нухмалъулевгун дандги бан, гьесул цо чанго хIалтIухъанасул хIакъалъулъ бицен гьабизе.



**Расул МухIамадов** (цIакъго захIмат унтарал регизарулеб отделениялъе нухмалъулев). Пемеразда лъалеб батила рехсараб отделениялда (гьелда *«Реанимациялъул отделение»*,-ян абула) букIунеб ахIвал-хIал.

Сордо-къоялъул заманалъухъ балагьичIого, гьелъул хIалтIухъаби рукIине ккола захIматго унтун рачIаразе хъулухъалъе хIадурго чIун. Гьез унтаразда асклор сардалгун къоялгицин рахъизе ккола. Узухъда, гьеб кинабго хIехьезе ккани, хIажалъула хIалтIиялдехун бугеб гIорхъи гьечIеб рокьиги сабруги. Гьеб кинабго Расулида цIакъ лъикI бичIчIунебги буголан.

Ккараб гара-чIвариялда Расулица бицана: *«Дие гьитIинаб къоялдаса бокьулаан тохтурзабазул хIалтIи, гьелъ, 2013 соналъ школаги лъугIизабун, дун Дагъистаналъул медициналъул пачалихъияб университеталде лъугьана. Диего хIалбихьи щвей, лъай цIубай мурадалда, лъабабилеб курсалдаса байбихьун, дун нейрореанимациялъул отделениялда хIалтIана.*

*Университетги лъугIизабун (2019 сон), дун Астраханалда бугеб ординатураялда цIализе лъугьана. Гьелдаса хадув гIагараб районалде тIадвуссана ва районалъул больницаялда хIалтIизе лъугьана. ТIадехун рехсараб нейрореанимациялъул отделениялда вукIараб заман дие лъикIалъе чIана, гьениб дида гIемераб бихьана ва лъана. Гьелъги батила дие нилъер больницаялда реаниматологлъун хIалтIизе бокьараб.*

*ГьабсагIаталда дица реанимациялъул отделениялъе нухмалъи гьабулеб буго. Бищунго къиматаб шапакъатлъун дие букIуна сахлъун нахъе унез, гьезул хъизабаз ва гIага-божараз ракI-ракIалъ кьолеб баркала»*,-ян абуна Р. МухIамадовас гара-чIвариялъул ахиралда.



**Земфира Агиева** (хирургическияб отделениялъул медсестра).

Гьелъ бицана: *«Узухъда, медициналда гIумру бухьинабизе бокьун букIунчIебани, дун гьелъие цIализе кидаго инароан. 1984 соналъ школаги лъугIизабун, дун МахIачхъалаялъул медициналъул училищеялде лъугьана.*

*1987 соналъ гьебги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIадюссана ва районалъул больницаялда хIалтIизе лъугьана. Гьале, 36 сон сверана дун хIалтIизе лъугьаралдаса. Жакъа дун хирургическияб отделениялда медсестралъун хIалтIулей йиго.*

*Дица абила медициналда гIумру бухьинабизе бокьарал кIвахIгьечIеллъун, сабруяллъун, кидаго лъай, хIалтIул махщел цебетIезабулеллъун, ракIбацIцIадаллъун рукIине кколилан. Гьединаллъун рукIине бажарулеб гьечIони, гьеб хIалтIиялъулъе лъугьинеги бегьуларилан. ХIалтIулъ гIемераб лъикIабги квешабги бихьана, амма кидаго ракI бухIучIо, хъахIаб халгIатги ретIун, гьеб хIалтIи дица тIаса бищиялдаса.*

*Медициналъул хIалтIухъабазда гьоркьор гIемерал руго, гьеб хIалтIи бокьилъ, мухьдахъ ва шапакъатазухъ балагьичIого, гIумру гьелъие кьурал ва кьолел. Гьедин букIинчIебани, нилъер больницаялда хIалтIулев чиго хутIилароан. Дун йохарайги талихIайги йиго бичIчIен бугел гIадамал цадахъ хIалтIулел рукIиналдасаги»*,-ян.



Районалъул больницаялъул лъималазул отделениялъул медсестра **Зоя МухIамадрасуловагун** ккараб гара-чIвариялда гьелъ бицана: *«Цоги гьаниР хIалтIулезего гIадин, диеги гьитIинаб къоялдаса медициналда хурхараб хIалтIи бокьулаан. Гьединлъидал, школаги лъугIизабун, 1979 соналъ дун Буйнахъск шагьаралъул медициналъул училищеялде лъугьана. Цоги, гьелде дун цIана дир кIудияв эменги эбелги тохтурзабилъун рукIиналъги.*

*1982 соналъ училищеги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIадюссарай дун терапевтическияб отделениялда медсестралъун хIалтIизе тIамуна. 1983 соналдаса байбихьун, дун лъималазул отделениялда хIалтIулей йиго.*

*Гьале, 40 сон ана дун гьений медсестралъун йигелдаса. Дудаго лъалеб батила больницаялъул киналниги отделениябазда гьоркьоб лъималазул отделениялъул хасльи букIунеблъи.*

*ТIоцебесеб иргаялда, гьенир хIалтIулез лъималазул рекIелъе нух батизеги гьезулъ хъахIаб халат ретIараздаса букIунеб хIинкъиги нахъе инабизе хIаракат бахъизе ккола. Гьеб бажарани, хIалтIи гIемерго бигьалъула. Узухъда, захIмалъаби дандчIвачIого рукIунаро, амма гьел къезаризе сабруги бажариги кваригIуна.*

*Сонал анагIан, хIалтIи бокьи гуреб, гьелде рокьукълъи дир рекIелъе рещтIинчIо, дун гьелдаса йохарайги йиго. Бищунго кIудияб шапакъатлъун дие лъимадулги гьелъул эбелалъулги гьурмазда бихьулеб разилъиялъул кунчIи букIуна»*,-ян.

БитIараб бицани, рехсарал хIалтIухъабигун ккараб гара-чIвариялдаса хадуб, ракIалде ккана гьел киназулго ракIалъулъ *«Дун-медициналъул хIалтIухъан ва дун гьелдаса чIухIарав вуго»*,-ян абураб пикру бессун бугилан.

Рехсарал хIалтIухъабазда тIаде щолеб медициналъул хIалтIухъанасул къоги баркун, дица гара-чIвари лъугIизе тана.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# ГОялъулгун ЧСалъул комиссиялда




Дагъал церегIан къояз районалъул администрациялда, жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловасул нухмалъиялда, гражданияб оборонаялъул, ракIалда рукIинчIел лъугьа- бахъиназулгун цIаккеялдаса цIуниялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана.

Гьенир гIахьаллъана цIаккеялдаса цIуниялъул, токил, газил хъулухъазе, рохьил магIишаталъе нухмалъулезгун хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун букIана гIадамал, объектал ракьбагъаариялдаса цIуниялъул суал. Гьенив кIалъарав ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул хIалтIухъан Анарбег Сатабаевас бицана зама-заманалда лъайкьеялъул гIуцIабазда, гIемерал гIадамал данделъулел бакIазда тIабигIияб балагьаздаса, цIаккеялдаса ва цогидалги квешал лъугьа-бахъиназдаса цIуниялъе тIоритIулел тадбиразул хIакъалъулъ.

Басир Нуцаловас тIадчIей гьабуна гIадамалгун бичIчIенкьеялъул хIалтIи гучлъизабизе кколеб ва гьелъул цIикIкIунисеб рахъал росабазул бутIрузда бараб букIиналда.

Гьенибго ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник Ибрагьим МухIамадовас гIахьаллъаразе бицана, гьел суалазда хурхун, законалда гьарурал хиса-басиязул хIакъалъулъ.

***Ибрагьим Идрисов***

# ХIисабкьеялъул концерт тIобитIана

Нилъер районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул мугIалимзабазул, цIалдохъабазул церетIеязул хIакъалъулъ гIемер хъвалеб бугониги, гIезегIанал гьезул гьел рехсечIого хутIула, амма нижеца хIаракат бахъула аслиял тадбиразул хIакъикъатгIаги цIалдолезухъе кьезе.

Районалъул даражаялда тIоритIулел данделъабазда рехсараб школалъул цIалдохъаби гIахьаллъичIеб тадбир цониги букIунареб батила. Гьединго, гьелъул цIалдохъаби гIахьаллъула зонаялда, республикаялда тIоритIулел батIи-батIияв конкурсазда, олимпиадабазда ва цогидалги тадбиразда. Гьенир бакIал росичIого, гьел къанагIатги тIадруссунаро.




Гьедин букIиналда щакклъи ккарал раккизе бегьула Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай ва РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан, гьеб школалъул директор Бика Палхановалъул кабинеталде. Гьенир къадазда ругел шапакъатазги рихьизарула гьезул хIалтIулъ ругел церетIеял.

Узухъда, щибаб санайил гьеб школалда тIоритIула гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул данделъабиги. Гьединазул цояблъун букIана дагъал церегIан къояз культураялъул Централда тIобитIараб хIисабкьейги. Гьенир гIахьаллъана школалъул мугIалимзаби, цIалдохъаби, умумул ва лъималазул искусство бокьулел.

*«Къурдиялъул, искусствоялъул ва лъикIлъиялъул дунял»* цIаралда гъорк тIобитIараб гьеб хIисабкьеялда цIалдохъабаз рихьизаруна жидееего цIалул заманалда щварал махщелал. Гьезие мустахIикъал къиматал кьолеллъун рукIана гIахьалчагIазул халатрахъарал хъатчIваялги разилъиялъул гьаркьалги.

Узухъда, церерахъиназда гьоркьор кIалъаялги гьаруна. Махщелазде лъимал ругьун гьариялъулъ школалъул директоралъе, мугIалимзабазе, умумузул рахъалдасан, баркалаялъул рагIабигун кIалъазе яхъана Наида Абакарова. Гьелъ абуна: *«Школалъул, гьелъул мугIалимзабазул хIалтIул хIакъалъулъ гIемераб бицине кколаро, гьеб кинабго бихьула мугIалимзабазулгун цIалдохъабазул ишазулъ. Школалъул коллективалда бугеб «гьава-бакъалъ», гьелъул церетIеяз, жакъасеб хIисабкьеялъул концерталъ гьеб бихьизеги гьабула»*,-ян.

Тадбиралъул ахиралда Б.Палхановалъ школа лъугIун унезе свидетельстваби кьуна. Гьединго, школалъул гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал мугIалимзабигун цIалдохъабиги, школалъул дирекциялъул рахъалдасан, грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

***Динара Батиева***

# Извещение о начале выполнения комплексных кадастровых работ

1. В период с *«15» июня 2023 г. по « 13 » ноября 2023 г.* в отношении объектов недвижимости, расположенных на территории: муниципального образования *«село Гостала»* в пределах кадастрового квартала 05:12:000011 Казбековского района будут выполняться комплексные кадастровые работы в соответствии с государственным контрактом от 30 мая 2023 года №1621 2023, заключенным между Министерством но земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан и Обществом с ограниченной ответственностью *«ДагестанКадастрСъёмка»*.

2. Заказчик комплексных кадастровых работ Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан.

почтовый адрес: Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Буйнакскога. 5;

адрес электронной почты: mio-estate@e-dag.ru

номер контактного телефона: 8 (8722) 67-26-57, (8722) 67-20-87.

3. Исполнитель комплексных кадастровых работ: Общество с ограниченной ответственностью *«ДагестанКадастрСъемка»;*

почтовый адрес: 367026, Республика Дагестан, г. Махачкала, проспект И. Шамиля, д, 15» кори. А, офис 1-4: адрес электронной почты:dagkadastr@mail.ru

номер контактного телефона; (8722)94-00-68.

Сведения о кадастровых инженерах:

фамилия, имя, отчество (при наличии) кадастрового инженера: Алиханов Зелимхан Магомедович; наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер член СРО *«Кадастровые инженера Юга»* уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации кадастровых инженеров в реестре членов регулируемой организации кадастровых инженеров: НП001339;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 05.07. 2016г:

почтовый адрес: Республика Дагестан г. Махачкала, д. 15, корп. А, офис I -4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: 8-8722-94-00-68 доб 140;

фамилия, имя. отчество (при наличии) кадастрового инженера: Хизриев Хизри Газимагомедович;

наименование саморегулируемой организаций кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Член СРО *«Кадастровые инженера Юга»*

уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации кадастровых инженеров в реестре членов регулируемой организации кадастровых инженеров: НП001866;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 30.05. 2016 г.

почтовый адрес: Республика Дагестан, г. Махачкала, д. 15, корп. А. офис 1-4;

адрес электронной почты:dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: 8-8722-94-00-68 доб. 100.

4. Правообладатели объектов недвижимости, которые считаются в соответствии с частью 4 статьи 69 Федерального закона: от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ *«О государственной регистраций недвижимости»* ранее учтенными или сведения о которых в соответствии с частью 9 статьи 69 Федерального закона от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ *«О государственной регистрации недвижимости»* могут быть внесены в Единый государственный реестр недвижимости как о ранее учтенных в случае отсутствия в Едином государственном реестре недвижимости, сведений о таких объектах недвижимости, вправе предоставить указанному в пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ кадастровому инженеру исполнителю комплексных кадастровых работ имеющихся у них материалы и документы в отношении таких объектов недвижимости, а также заверенные в порядке установленном частями 1 и 9 статьи 21 Федерального закона от 13 июля 2015 года № 218-ФЗ *«О государственной регистрации недвижимости»*, копии документов, устанавливающих или подтверждающих права на указанные объекты недвижимости.

5. Правообладатели объектов недвижимости земельных участков, зданий, сооружений, объектов незавершенного строительства в течение тридцати рабочих дней со дня опубликования извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ вправе: предоставить кадастровому инженеру - исполнителю комплексных кадастровых работ, указанному пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных - кадастровых работ, но указанному в пункте 2 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ адресу сведения об адресе электронной почты и (или) почтовом адресе, покоторым осуществляется связь с лицом, чьё право на объект недвижимости зарегистрировано, а также лицом, в пользу которого зарегистрировано ограничение права и обременение объекта недвижимости (далее контактный адрес правообладателя),для внесения в Единый государственный реестр недвижимости сведений о контактном адресе правообладателя и последующего надлежащего уведомления таких лиц о завершении подготовки проекта карты-плана территории по результатам комплексных кадастровых работ и о проведении заседания согласительной комиссии по вопросу согласования местоположения границ земельных участков.

6. Правообладатели объектов недвижимости, расположенных на территории комплексных кадастровых работ, не праве препятствовать выполнению-комплексных кадастровых работ и обязаны обеспечить», доступ к указанным объектам недвижимости исполнителю комплексных кадастровых работ в установленное графиком время.

7. График выполнения комплексных кадастровых работ

| № п/п. | Место выполнения комплексных кадастровых работ | Время выполнения комплексных кадастровых работ |
|---|---|---|
| 1. | муниципальное образование «село Гостала» в пределах кадастрового квартала 05:12:000011 | 15. 06. 2023 г. - 15. 11 . 2023 |

# МФЦ информирует...

Конкурсный отбор сельхозпроизводителей объявлен для предоставления субсидий из республиканского бюджета на возмещение части затрат на производство овец и коз, на убой (в живом весе), реализованной и (или) отгружённой на собственную переработку и (или) переработку перерабатывающим организациям, расположенным на территории РФ.

На получение субсидий имеют право, осуществляющие деятельность на территории Республики Дагестан животноводы, а также организации и индивидуальные предприниматели, осуществляющие производство и последующую переработку сельскохозяйственной продукции.

Сроки проведения отборов и прием заявок сельхозпроизводителей: с **12.06.23г. с 10:00ч. по 22.06.23г. 18:00ч.**

Порядок предоставления субсидий и положение о конкурсной комиссии размещены на официальном сайте Министерства сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан по адресу **mcxrd@mail.ru** в разделе *«Животноводство»*.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Эркенаб гугари

Нижеца газеталда хъван букIана, эркенаб гугариялъул рахъалъ, Мусашайхих Пазаевасул спортшколалъул гIолилазул зоналиял къецазда ккарал хIасилазул ва гьенир призалъулал бакIал росарал, Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, Шамиль районалъул Пурада росулъ тIобитIизе бугеб чемпионаталда гIахьаллъизе рукIиналъул хIакъалъулъ.



10-11 июналда тIоритIарал гьел къецазда нилъер гIолилаз квешал хIасилал рихьизаричIо.

Гьедин, 38 кг. цIайиялда, гьенив чемпионлъун Ислам КъурахIмаев вахъана, тренер АтавхIажи Памиев.

КIиабилел бакIазде рачIана Пумар МухIамадов (38 кг.) ва АхIмад Улубиев (68 кг.), тренерал: Къурбан Давурбегов ва Палисултан Качалаев.

Лъабабилел бакIазе мустахIикълъана НугIман Палиев (41кг.) ва МухIамад Асирдинов (62 кг.), тренерал: рехсарал А. Памиев ва ГI. Качалаев.

*Къокъго*

# Гъудуллъиялъул дандчIваялда...

11 июналда Дилималъул *«Салавюрт»* спортплощадкаялда, Россиялъул Къоялъул хIурматалда, Дилим росдал ва Хасавюрт шагьаралъул *«Беркут»* клубалъул гIолохъанал боксеразул къецал тIоритIана.

Гьеб дандчIваялда, 6:5 хIисабгун, Дилималдаса гIисинал боксерал бергьана.

***Насрула Алиукъаев***

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**МакъалабаздА рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**